



Pou plis enfòmasyon, fòmasyon, ak resous sou naloxone, sa gen ladan kote pou jwenn li gratis oswa pou achte l, vizite nyc.gov/naloxone, rele **311**, oswa voye imèl bay naloxone@health.nyc.gov.

Pou jwenn sipò pou sante mantal oswa itilizasyon sibstans, rele oswa voye mesaj tèks bay 988 oswa tchat nan nyc.gov/988. Sèvis mesaj tèks ak tchat yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl, epi konseye yo disponib pa telefòn 24 sou 24/7 sou 7 nan plis pase 200 lang.

Kijan Pou Achte Naloxone nan NYC



Vizite yon **magazen detayan ki vann medikaman san preskripsyon (over-the-counter, OTC)** pou achte naloxone san yon preskripsyon. (Disponibilite naloxone OTC yo ka varye selon magazen detayan an.)



Ale nan yon **famasi** epi mande si ou ka itilize asirans sante pou achte naloxone. (Ou p ap bezwen yon preskripsyon, men famasi a ka bezwen kòmande naloxone ou a.)

Si yon famasi enskri nan Naloxone Co-payment Assistance Program (N-CAP) lan, yo ka kouvri jiska \$40 nan kopeman asirans ou an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou N-CAP, vizite bit.ly/n-cap.

Yon Gid pou Jwenn Aksè a Naloxone nan Vil New York (NYC)



Naloxone se yon medikaman ki san danje ki ka envèse efè yon ovèdoz opyoïd. Li legal pou nenpòt moun mache ak naloxone sou yo ak itilize l nan Eta New York.

Kijan Pou Jwenn Naloxone Gratis nan NYC



Vizite yon **opioid overdose prevention program (OOPP)** – yon òganizasyon kominotè ki gen lisans pou distribye naloxone bay manm kominote yo – pou jwenn naloxone gratis.



Patisipe nan yon **fòmasyon vityèl** Depatman Sante NYC a òganize epi jwenn yon kit naloxone gratis pa lapòs.



Vizite yon **famasi k ap patisipe nan Free Naloxone in NYC Pharmacies Program** yo epi mande famasyen an yon kit naloxone gratis (pyès idantifikasyon oswa asirans sante pa obligatwa).



Ale nan yon **distribitè otomatik pwodwi sante piblik** pou w ka jwenn naloxone gratis, ansanm ak lòt pwodwi sante ak byennèt, yon fason pratik e anonim. Pou jwenn yon lis kote distribitè otomatik yo ye, vizite **[nyc.gov/alcoholanddrugs](https://www.nyc.gov/alcoholanddrugs)**.